



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN DE PWOJÈ ENFRASTRIKTI NAN LOWER HUDSON VALLEY

Pwojè koridò lari konplè Wout Eta 45 lan sipòte vizyon kominote a pou enfrastrikti alavni ak bezwen milti-modal

Pwojè refè sifas Wout 35 Eta pou retabli pave ak amelyore rezilyans

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo te kòmanse sou de pwojè enfrastrikti nan sid Hudson Valley ki pral ankouraje opòtinite transpò milti-modal epi amelyore rezistans nan koridò kle yo. Yon pwojè koridò lari konplè 11 milyon dola ap fèt pou amelyore yon seksyon 2 km nan Wout 45 (Main Street) soti nan Wout Eta 59 rive nan West Eckerson Road nan Vilaj Spring Valley, Vil Ramapo, Konte Rockland. Anplis de sa, yon pwojè pou refè sifas ki koute 6.5 milyon dola te kòmanse amelyore kondisyon wout sou yon seksyon 9.5 km nan Wout Eta 35 ant Wout Eta 22 ak Mead Street nan Vil Lewisboro, Konte Westchester. Pwojè sa yo pral ranfòse sekirite ak mobilite pou itilizatè wout yo pandan y ap sipòte efò dirabilite nan tout eta a epi ogmante durabilite alontèm enfrastrikti nou an.

"Administrasyon mwen an konsantre sou transfòmasyon enfrastrikti pou satisfè bezwen Nouyòkè yo, epi pwojè sa yo nan sid Hudson Valley yo montre angajman sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa yo se pa sèlman investisman nan wout la, men nan kominote yo ak moun ki abite, travay ak elve fanmi yo. Investisman sa yo pral ogmante mobilite, ranfòse enfrastrikti, ak amelyore eksperyans vwayaj pou moun ki depann de koridò okipe sa yo."

Amelyorasyon sou Wout Eta 45 te gen ladan nouvo liy viraj agòch, siyal sikilasyon ki ajou, nouvo pasaj pou pyeton, ranp twotwa yo, ekipman siyalizasyon pou pyeton ki aksesib, drenaj ak aplikasyon nouvo konfigirasyon liy yo. Siklis yo pral akomode nan liy vwayaj yo ak makak liy pataje yo. Mezi pou kalme sikilasyon, tankou twotwa, rediksyon liy ki twò laj ak yon medyàn ki elve pral ede diminye vitès yo epi y ap pi konpatib ak siklis yo.

Ogmantasyon ban ak sipò pou bisiklèt ansanm ak ranplasman deabri otobis pral akomode itilizatè milti-modal nan koridò a. Yo pral pwoteje oswa re-mete peyizaj ki te la

deja a avèk menm espès yo pou amelyore peyizaj lari estetik vilaj la. Gwo travay yo prevwa fini nan kòmansman ane 2026.

Yon "Lari Konplè" se yon wout ki planifye epi ki fèt pou konsidere aksè san danje, pratik ak mobilite itilizatè wout yo ki gen tout laj ak tout kapasite. Sa gen ladan timoun, granmoun aje ak moun ki gen andikap.

Pwojè refè sifas Wout Eta 35 la pral gen laan frezaj pave ki egziste deja a ak refè sifas wout la ak yon kouch asfalt ki tyèd pou pwolonje dire sèvis la ak amelyore kalite. Siyal trafik yo pral amelyore, epi amelyorasyon drenaj yo pral enkli nan pwojè a.

Pwojè sa a pral ranplase pave ki deja egziste a ak yon kouch asfalt ki ranfòse ak fib ki dire pi lontan, ki pi dirab epi ki pral minimize fisi yo. Yo pral ajoute yon bann ki make ak penti epoksi reflektif tou pou ogmante vizibilite makak pave yo pandan tanpèt yo. Pwojè a fèt pou minimize enpak sou piblik k ap vwayaje yo ak tout travay k ap fèt pandan lè lannwit yo. Yo prevwa pwojè a ap fini nan otòn 2024.

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gouvènè Hochul gen yon vizyon pou amelyore kalite lavi kominote yo atravè envèstisman entelijan nan enfrastrikti, epi n ap wè sa a konkretize nan tout Eta New York. Envestisman sa yo nan sid Hudson Valley pral pèmèt kominote sa yo grandi ak pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble John McGowan te deklare, "Lè nou konsidere eta wout sa yo, sa a se yon bon nouvèl. Mwen remèsye DOT paske li fè pati dyalòg k ap kontinye a epi mwen konprann bezwen imedyata pou amelyorasyon nan koridò sa yo. Sekirite tout rezidan yo enpòtan anpil epis yo apresye amelyorasyon ak aplikasyon sa yo nan non sekirite pou chofè, siklis ak pyeton yo. Mwen pa ka tann finisman pwojè sa yo epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay avèk DOT ak minisipalite lokal nou yo sou pwojè alavni yo."

Sipèvizè Minisipalite Ramapo, Michael Specht, te deklare, "Komansman pwojè koridò konplè lari Wout 45 la se yon nouvèl ki byen akeyi nan vil Ramapo. Amelyorasyon Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ap antreprann yo pral ogmante sekirite pyeton yo, amelyore sikilasyon chofè nou yo epi amelyore kalite lavi rezidan nou yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak NYS DOT dèske yo koute enkyetid nou yo epi paske nou avanse pou pi devan ak amelyorasyon enfrastrikti ki nesèsè sa yo."

Sipèvizè vil Lewisboro Tony Goncalves te deklare, "Mwen menm ak rezidan Vil nou yo trè kontan ke pavaj Wout 35 Eta New York soti nan Vil Bedford ak nan Vil Lewisboro pral fini ete sa a. Pwojè sa a se yon priyorite pou mwen depi kèk ane. Mwen rekonesan pou patenarya ak sipò reprezantan Eta NY ak Konte Westchester yo nou yo ki ede pèèt pwojè sa a reyalize. Mwen rekonesan anpil tou pou Direktè Rejyon 8 DOT Eta New York la Lance Macmillan ak ekip DOT li a ki te vin nan vil Lewisboro epi ki te rankontre nou tout nan mwa out 2022 epi ki te koute pandan nou te ekspriye enkyetid konsènan

kondisyon wout la, espesyalman sekirite, enkyetid pou moun k ap travèse Lewisboro nan otowout East-West sa a ki frekante anpil la."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Otomobilis yo dwe sonje pou Mete yo sou Kote, si li posib san danje, oswa pou yo ralanti anpil nenpòt lè yo rankontre veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, an ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: @NYSDOT ak @NYSDOTHV. Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)